Омар Хайям

***

Вайн дахарх ойланаш ас дукха йи.

Доллучух кхии со, дерриг а зий.

Дуьненахь со кхиъна цхьа а хьакъ дацар! –

ТӀаьххьара со кхиъна хьакъ[12] ду сан и.

***

Дуьненех тоьллачу кху дуьненахь

Со, Ӏемаш, къанвели пхьеран пхьалгӀахь.

Iаба ца воллу сох пхьалгIан да – дахар.

Пхьеран дарж сох тешо вац и дагахь.

***

Аганахь бер Iуьллу, велларг – кошахь.

Кхин хууш хIума дац кху дахарах.

Къурдъалий, дIамала кхолламан кад хьайн:

Лай кхетар вац хьуна Элан хьокъах.

***

Хьесапах болх бина чекхваьлла со,

Хьесапца зийна бакъ, зийна харцо.

Хьесапца дахаран эзар шад баьсти,

Іожалло бен цхьаъ – и ца бастало.

***

Схьагинччух тешачун некъ нислур бац.

Хьесап дерг некъех шеквийлаза Іац.

Моттало, хІинцца схьа мохь туху цхьамма:

«ХІай джахІилш! Некъ цигахь,

кхузахь а бац!»

***

Къелла ла́н, пхьоьранна ле-ѓалу харжа,

Хуьйшучул нахана тӀаьхьара ва́жа.

Нехан хьакъ дуучу Ӏедалан дайшца

Пулош ца даа, ахь даьӀахкаш я́жа.

***

Моза Ӏац те́кхана тӀекхийдаш бен,

Пхьоьран дас магарх ша лазо я биэн.

Мацалла лахьара, хӀетте а, Хайям,

Дуьненан цхьана лайно вусточул, □ виэн!

***

Го суна латта вайн – баланийн хьарм,

ОхIланаш кешнаш тIе кхоьхьу го ларш,

Сийдолу паччахьаш, исбаьхьа сту́наш

Го хилла цу кошан нIаьнийн даар.

***

Дош доцца, амма шен меттара ала.

Цу дешан дозалла девзаш, и ала.

Лерг шиъ луш, мотт эрна белла

бац цхьаъ –

Ла шозза догIа ахь, ткъа дош цкъа ала.

***

Олхазар Iа гIопан гIевнан цхар тIехь,

Цо коьрта-туьтане бах шен маттахь:

«Мичахь ю зурманаш, хIай шах,

хьан бIаьнан?

Ватанийн дур а дац хьан схьахезехь!»

***

Хезира, куьпчичо шех тоьхча ка,

Поппаро бехкбоккхуш: «Собарде цкъа,

Ма хьиэ сел!» Цо цуьнга йийцира къайле:

«Селхана ду-кх, со а хилла инса[13]».

***

Адам а, зезаг а,  цхьа хан йоккхий,

Лаьтта тӀехь, чан хуьлий, – дӀадолу-кхи.

Чан хилча, хи санна, Ӏаьнаре йоьрзуш,

ТӀедоьлху догӀанаш хир дара цӀийх!

***

Бераллехь хьакъ[14] довза устазех[15] Ӏема,

Ткъа тӀаьхьа хьакъ лоьхурш вайна тӀе лела.

Ткъа хьакъ? Вай дуьнен чу тӀадамах довлу,

Мох хилла дӀадевр ду –

и хьакъ ду-кх цӀенна.

***

ХӀай джахӀилш! Вайн догӀмийн

куьцаш хӀун ю!

Дерриге дуьне а, цу тӀе, хӀун ю!

Сакъера аш шайна, мӀаьргонан йийсарш!

МӀаьргонан синкъерам, алал, – хӀун ю!

***

Дуьненахь вайн бIаьрг

мел хьоьстург – хIун ю!

Дог кхийда лаамаш, къуьйсурш – хIун ю!

Кху Лаьттан берриг бохь, аренаш – цаьрца,

Ков-керт хьан даькккхина бахам – хIун ю!

***

Хьо хила хьикматчех воккханиг… ТIаккха?!

Дуьне а хьох дагадийлийта… ТIаккха?!

БIешарахь вехар ву хьо иштта? Ваха!

Ши бӀе шо даккха ахь иштта. Ткъа тӀаккха?!

***

Малх хилла, вайн дуьне

нуьре дан ницкъ бац сан,

Долучун къайленан неӀ елла ницкъ бац сан.

Ойла – хӀорд. Цу чохь ги

маьӀнин цхьа жовхӀар.

Къайлено кхерош,

и схьадаккха ницкъ бац сан.

***

Ас дуьту хIара вайн баланийн цIа,

ТIаьхьало йоцу шен цхьаьллиг а цхьа.

Сан лорах кхарда-кх ша гуттар а хин верг,

Доккхун дерг эзар шо мукъне шен цIахь.

***

Хьоста цхьаъ долуш ду дика а, вуо а,

Замзам хи санна ду, ю цIунан[16] гIу а;

Iаламехь яккха цIе мел ерг хьайх долу –

Сийлахьниг, сийзаниг, адам, хьо-хьуо ду.

***

Дуьненан тIаьхьало яцар ахь ла́н.

Хьайн карахь до́ллучун хила хьо да.

Хилларг ма далхаде – и хилла даьлла.

Ткъа хиндерг?! Дита цкъа □ да́н я… ца да́н!

***

Шен валар дIакъахкор дац цхьана дас:

Iарша тIехь яздинарг хилаза Iац.

Балозах ца дало гуттар а хин дерг,

Ханна дерг вай далхо мах кхочуш дац.

***

Нийса некъ кхехьначех велара со.

Джаннатехь хир, ала делара, со –

Ца ловш кху дуьненан набахтин гатто,

Iа меттиг хийца сихлур вара со.

***

Дуьнено Iехади адмех цхьа дакъа,

Эхарте сатесна Iа важа дакъа.

Iожалла – и пен бу. Цул дехьа дерг –

И къайле хиъна вац дийначех цхьа а.

***

Мел веха вахарх со я хIинцца валарх,

Дуьненан эша дац я дац тодала.

Цхьажимма Iийна, со дIагIур ву ваьлла,

Кху дахарх хаьттинчух жоп доцуш дала.

***

Дикачийн ницкъ тулуш,

вуочийн довш гIора

Нисделча, хьаьжъюккъехь шеддех

хIун дора.

Нийсонгахь хилча вайн Iедалийн мукъ,

Кхолламна латкъамаш вай хIунда бора.

***

И къоьжа къано я бос хаза жимха –

Эххар а хин дериг цхьаъ ду цу шиннах.

Валарах вер вац кху дуьненахь цхьа а, –

Iожалло берех, дайх цхьаъ кхоавина.

***

ЖовхIарна, тодала, и бода санна,

Баланаш оьшуш ду вайн хьекъал, са а.

Доллучух хеди хьо, кийра басбели?

Ша-шаха бузур бу и кад хьан, сан а.

***

Дуьнен чу дахкале хIун ду вайн хьашт!

Даьхкина схьакхаьчча,

хIун дац вайн хьашт!

Сутарчу дегIан и мохь охьатесна,

Цкъа маршадевр ду вай, ца девзаш хьашт.

***

Кхуза сайн лаамехь ца веъна со.

Я дIа а гIур вац сайн лаамехь со.

Соь хоьттуш хиллехь, сан вар̔, вахар̔ а □

Веъна а хуьлуьйтур вацара суо.

***

Кхоьллинчо, ваьш кхуллуш, яздина рицкъ

Са́даккха я эшо вайгахь бац ницкъ.

Нехачух ца хьоьгуш, дIалург ца доьхуш,

Вай дай дерг дуур вай, ларбеш хIор цинц.

***

БоргIало кхайкхарехь хIун боху те?

Белларш кхин денлур бац-м, ца боху те?

Буьйса дIаели, кхин юхахир йоцуш,

Дийнанаш-м набъеш бу, □ хан юьйлу тIех.

***

Корта кIел баххьал хьан цхьа кхало юй

Ямартчу кху хенахь? Баьпкан юьхк юй?

Цхьанна а ваций хьо ялхо я эла? –

Хьо маьрша веца. Цул доккха ирс дуй!

***

Дуьненца къовса ахь, цабевзарг кхерам,

Де дацахь, хила хьайн кхожана къера,

Мелла а хьо хиларх, бакъ де ахь цхьаъ, –

Сацкъаре йоьрзур юй сацкъаран пхьегIа.

***

Баланаш балхабеш, холча ма хIитта,

ДоттагIийн баьрзнашка

бIаьрг бекхна, хIитта.

ХIинцца тIехъяьнйолу мIаьрго ган Iама,

Дахначу, догIучу денойн чот йита.

***

Хьекъало кхуьйлу, вай декъала дан:

«ХIора мIаьргонан шайн Iама сийдан!

Шу буц яц, – кесаре цкъа дIахьакххахь, 

Лаьтто, хIух дендина,

кхин гIовттор дац».

***

Массо пачхьалкхана ахь теси урх,

Ченашла эгий уьш, алийти къурд.

Ницкъ тоьлла паччахь,

хьан ницкъ буй ца вала?!

Хьоь кхочудерг а ду – кхо аьрша «урд».

***

Хьакъ довза гIорасиз хилча вайн дог,

Сел эрна цо вайн са стенна гатдо?

Дита вай ца хезчу кхолламна леткъар, –

Вай леткъарх, цалеткъарх, цо шениг до.

***

Хьикматчо сутара ца гулдо даьхни,

Бакъду, хьал доцу де ца дуу аьхна:

Керта кIел къелла лей дIадолу тобалкх,

Хьал долу роза, – товш, комаьрша даьхна.

***

Дукха ю ойланаш кху сан коьртехь,

Уьш яйча, буьтур а бацара тIехь.

КIайн бамбин кехат ду, уьш тешо маьрша.

Кхин цхьа а да вац, сан доттагIий а тIехь.

***

Бакъдолчо дуьненахь боккхур бац кан,

Олаллехь нийсонан ца йолу ка.

Дахар шен хоршара доккхур ду моьттург,

Хьо тасавелларг ду кагделла га.

***

Ма хьега нуьцкъалчех я хьолан дайх,

Сахилла далале юха а садай.

Цхьа доккха садаккхал бен доцу дахар

Юхалург делла дуй, ца диццдер вай.

***

Хастамийн моз дезар хьекъал дуй те?

Кхолламо тур оьхьу хьан коьрта тIe.

ЦIe езар мазала хьакхийна дIовш ду.

Моз дезарг дIовш даларх ларлурий те!

***

Дала мел деллачу ниIматех цхьа

Бaьпкан юьхккий, тоьлий эцна ас схьа.

Сайн синна маршонна мискалла хаьржи,

Холадайн ца йолу са́ яьлла Iа.

***

Жималлехь хеттарг ша хьекъална тIех,

Хьокъо дIаидавой, кIевсиг йой шех,

Ша кхиъна моьттинчу дахаро худу,

Кемс хила кхиале кишма еш шех.

***

Дешица жовхIарш ахь Iаддадитал.

Ду хьуна дуьненахь цул доккха хьал:

Дездареш охьатасий, баргалш тIеохка,

Амма хьайн сица хьо паччахь висал.

***

Сийдолчийн сий хуьлуш дуьне дац хIара.

Ас-м коьртах сайн сагIа дийр дара царна.

Цу жоьжагIатин и халой? Хир яц и

Яхь йоцчу нахаца вахарал хала!

***

Сан хьекъал, кхетам а тIаьхьало яц –

АллахIан къайлене кхиалур вац.

Кхиа а ца гIерта, Iамал йо гIийлла –

АллахIан хьакъ хуург АллахI бен вац.

***

Шовкъийн лай – гIайгIане ву со, ва маржа!

Сайн дохковийларша хьаьшна ву, маржа!

Гечдина, хIоттахь а, АллахIна хьалха,

Эхьо вуьйш, юьхьIаьржа

лаьттар ву-кх, маржа!

***

Накъостийн тевжийлаш нах болчех е,

Нах боцурш бита, хьайн ца дойъуш сий.

Стаг воцчо доьттинехь, молха дӀаккхосса,

Стаг волчо дӀовш доттахь, дӀамала и.

***

ЦӀейолчех хезар ду вайна: «Сонта элий».

Суьпачух хезар ду: «МоттаргӀа лелорг!»

Цхьанна а ца вовза елара йиш,

Цхьа а ца вовза а. И дара-кх мелехь.

***

Со дагахьбалламех воьттина Ӏа.

Хууш ву хьакъ доций сайна гечдан.

Делан дош хаза сан ца кхечи хьекъал,

Кхии со Цо хьарам мел динарг дан.

***

Хьикматча! Хьуо волчохь Iовдалчу наха

Iуьйкъенан боданах сатасар бахахь,

Хьуо Iовдал хетийта, къийса ма ло.

Хьекъал дерг Iовдалшна мостагI вуй, хаа.

***

Iовдалшна хьекъалда тарвелла сох,

Хьекъалда со воций, АллахIна го-кх,

Сох Iемаш болчу цу Iовдалел башха,

Суо-сайх со ца кхиъний, дуьненах хьовх.

**Гочйинарг Абдулаев Леча**